# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–26 फरवरी 2026 भोजपुरी समाचार

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु जापान के यामानाशी प्रान्त में आयोजित 'उत्तर प्रदेश इन्वेस्टमेंट रोड शो' में सामिल भइलें। येह मौका पर उहां के कहलीं कि प्रदेस में सासन के कार्य सैली के रिएक्टिव से बदलि के प्रोएक्टिव बनावल गइल हवे आ ईहे बदलाव आजु प्रदेस के तेज आर्थिक प्रगति क आधार बनल बा। मुख्यमंत्री जापान के उद्योगपतियन आ बिजनेस लीडरन के प्रदेस में निवेस करे बदे न्यौता दिहलें। सथहीं ग्रीन एनर्जी, प्रौद्योगिकी, विनिर्माण आ अवसंरचना के क्षेत्र में साझेदारी बदे उनकर आवाहनों कइलें।

**आज भारत यशस्वी प्रधानमंत्री श्री नरेन्द्र मोदी जी के मार्ग दर्शन में उत्तर प्रदेश विकास की एक नई ऊचाइयों को प्राप्त कर रहा है। हमने इसलिए उत्तर प्रदेश की नीतियों को रिएक्टिव की बजाए प्रोएक्टिव बनाया है, और उसके परिणाम हम सबके सामने है कि नौ वर्ष में हमने उत्तर प्रदेश की प्रति व्यक्ति आय को तीन गुना करने में वहां की अर्थव्यवस्था को तीन गुना करने में सफलता प्राप्त किए हैं।**

मुख्यमंत्री कहलें कि उत्तर प्रदेस आ यामानाशी प्रान्त के बिच्चे ग्रीन हाइड्रोजन तकनीक के ले के इतिहासिक समझौता ज्ञापन–एमओयू पर दस्खति भइल बा। एकरे तहत प्रदेस के उच्च तकनीकी संस्थान क छात्र जापान में ट्रेनिंग लीहें आ येह तकनीक के प्रदेस क इंडस्ट्री, पब्लिक ट्रांसपोर्ट आ ऊर्जा क्षेत्र में लागू कइल जाई। श्री योगी अजुये यामानाशी प्रान्त में लइकन के साथे बातोचीत कइलें।

**********

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी इंस्टाग्राम पर दस करोड़ फॉलोअर्स क इतिहासिक आंकड़ा पार कइ लिहले हवें। एकरे सथहीं उहां के येह मंच पर ई उपलब्धि हासिल करे वाला पहिला विस्व नेता आ राजनेता बनि गइल हईं। एगो रिपोर्ट–

**प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी 2014 में इंस्टाग्राम से जुड़े थे। इंस्टाग्राम पर उनके फॉलोअर्स की संख्या अमेरिकी राष्ट्रपति डॉनल्ड ट्रंप से दोगुनी से भी अधिक है। अमेरिकी राष्ट्रपति ट्रंप 4 करोड़ 32 लाख फॉलोअर्स के साथ दूसरे स्थान पर हैं। अगले पांच प्रमुख विश्व नेताओं के कुल फॉलोअर्स की संख्या पीएम मोदी के फॉलोअर्स की संख्या से कम है। भारतीय नेताओं में भी श्री मोदी काफी आगे हैं। भारत में इस प्लेटफॉर्म पर दूसरे स्थान पर उत्तर प्रदेश के मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ हैं, जिनके लगभग 1 करोड़ 60 लाख फॉलोअर्स हैं। समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।**

**********

केन्द्रीय कृषि आ किसान कल्याण अउर ग्रामीण विकास मंत्री शिवराज सिंह चौहान आजु वाराणसी के भारतीय सब्जी अनुसंधान संस्थान में अधिकारियन आ कृषि वैज्ञानिकन के साथे समीक्षा बइठकी कइलें। येह दौरान श्री चौहान सब्जी क नया उत्पादन तकनीक आ अनुसंधान कार्यन क जनकारी लिहलें। उहां के वैज्ञनिकन से कहलीं कि सोध कार क सोझै लाभ किसानन ले पहुंचे के चाही जवने से किसानन के आय में बढ़ोत्तरी हो सके। एहसे पहिले श्री चौहान श्री काशी विश्वनाथ मंदिर में बाबा विश्वनाथ क दरसन–पूजन कइलें।

**********

सर्वोच्च न्यायालय एनसीईआरटी क कक्षा आठवीं के ओह किताबि पर पुरहर प्रतिबंध लगा दिहले बा जेहमें न्यायपालिका में भ्रस्टाचार से जुड़ल एगो अध्याय बा। सर्वोच्च न्यायालय किताबि क सज्जो प्रतियन के जब्त कइले के सथहीं एकरे डिजिटल प्रारूपो के हटवले क आदेस दिहले हौ। न्यायालय केन्द्र आ राज्य प्रसासन के जुरते अपने निरदेस क पालन कइले क आदेस दिहले बा। सथहीं कउनहूं रूप में निरदेस क उल्लंघन कइले पर गम्भीर कार्रवाई क चेतावनी दिहले हौ।

**********

होली के दौरान यात्रियन के सुविधा बदे भारतीय रेलवे खास इंतिजाम कइले बा। यात्रियन के संख्या में सम्भावित बढ़ोत्तरी के देखत कई गो रेलवे जोन में अठारह मार्च ले एक हजार दुइ सौ चउवालीस बिसेस ट्रेन चलावल जाई। एगो रिपोर्ट–

**रेल मंत्रालय के अनुसार ये होली स्पेशल ट्रेनें प्रमुख शहरों, राज्य की राजधानियों और महत्वपूर्ण क्षेत्रीय केंद्रों को जोड़ेंगी। इन ट्रेनों में कन्फर्म सीट की व्यवस्था की गई है, जिसे नियमित ट्रेनों में भीड़ कम होगी और यात्रियों को राहत मिलेगी। इस दिशा में पूर्वी मध्य रेलवे सबसे ज्यादा होली स्पेशल ट्रेनें चलाएगा, जिसकी संख्या 50 है, जो कुल 275 फेरे लागाएगी। वही, उत्तर रेलवे कुल 48 विशेष ट्रेन सेवाएं चलाएगा, जिनके 204 फेरे होंगे और मध्य रेलवे 20 स्पेशल ट्रेनें चलाएगा, जिनके 129 फेरे निर्धारित हैं। इसके अलावा पश्चिमी रेलवे ने 32 सेवाएं शुरू की हैं, जो 120 फेरे लेंगे, जबकि दक्षिण पूर्वी रेलवे 28 सेवाएं चलाएगा, जिनके 107 फेरे तय किए गए हैं। दिलनशी आरजू की रिपोर्ट के साथ समाचर कक्ष से फरहत नाज।**

**********

मौसम विभाग येह हप्ता प्रदेस के अधिकतम तापमान में दुइ से तीनि डिगिरी सेल्सियस ले तक के क्रमिक बढ़ोत्तरी क सम्भावना जतवले बा। विभाग के मोताबिक येह दौरान न्यूनतम तापमानो में दुइ से चारि डिगिरी सेल्सियस तक ले क बढ़ोत्तरी होई।

**********